



Pou Piblikasyon Imedya: 15/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 216 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
'BRIDGE NY' POU REPAIRE AK RANPLASE PON AK KANIVO LOKAL YO**

Bay finansman pou 109 pwojè nan 88 kominote atravè Eta New York

*Pwogram lan sipòte efò pou solidifye enfrastrikti enpòtan ak fè kominote lokal yo
vin pi rezistan kont enpak chanjman klimatik yo*

Lis benefisyè finansman "Bridge NY" yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim 216.2 milyon dola nan asistans entansifye pou 88 gouvènman lokal pou repare epi ranplase pon ak kanivo yo nan chak rejyon nan Eta a. Finansman sa a, ki bay atravè inisyativ BRIDGE NY Eta a, sipòte pwojè ki redui risk inondasyon, amelyore rezistans estrikti, fasilite konpetitivite ekonomik rejyonal ak priyore pwojè ki benefisyè kominote jistis anviwòmantal yo.

"Pwogram 'BRIDGE NY' la bay finansman esansyèl pou ranfòse sekirite, rezistans ak fyabilite enfrastrikti minisipal enpòtan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou dwe kontinye fè investisman estratejik sa yo nan kominote lokal nou yo pou pwoteje rezidan nou yo kont frekans ogmante move tan ekstrèm yo, ansanm ak bay Nouyòk yo enfrastrikti modènize ak senplifye yo merite".

Anons jodi a chita sou apeprè 500 milyon dola ki bay ak gouvènman lokal yo nan kad inisyativ pou amelyore kalite lavi pou rezidan yo ak biznis yo nan chak rejyon nan Eta a. Prim "BRIDGE NY" yo te fèt atravè yon pwosesis konpetitif epi yo pral sipòte tout faz nan livrezon pwojè a, ki enkli konsepsyon, akizasyon dwa pasaj ak konstriksyon. Pwojè yo te seleksyone sou baz kritè ki te gen ladan kondisyon estrikti ak vilnerabilite pon oswa kanivo a pou inondasyon ak/oswa afouyman; enpòtans pon ak kanivo a sou baz konsiderasyon detou yo ak kantite ak modèl biznis ki desèvi yo, avantaj koridò a sou Kominote Jistis Anviwòmantal yo; ak enpak jeneral sou mouvman komès.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt enpòtans investisman nan kominote Eta nou an yo ak enfrastrikti transpò kòm fondamantal nan dirabilite anviwòmantal ak ekonomik alontèm nan Eta nou an. Finansman ki te anonse jodi a

ap bay sipò pou fè kominote lokal nou yo vin pi djanm, enfrastrikti nou an pi rezistan ak Eta nou an pi ekipe pou redui enpak chanjman klimatik".

Prezidan NYSAOTSOH, Richard Benjamin, Sipè-entandan Otowout yo, Vil Thompson, te deklare, "Nan non Asosyasyon Sipè-entandan Minisipal Otowout nan Eta New York, pi gwo asosyasyon transpò, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie pou sipò inebnanlab yo pou enfrastrikti lokal atravè pwogram BRIDGE-NY. Pwogram sa a ki espesyalman dedye pou pon ak kanivo lokal yo esansyèl pou gouvènman lokal yo. New York bezwen kontinye fè investisman pou devlope ekonomi nou an ak pwoteje sekirite piblik k ap vwayaje nou an. Nou pa ka tann pou nou travay avèk responsab eli yo nan Eta nou an pou kenbe ak ogmante investisman sa yo pandan n ap gade pwogram kapital sou senk ane k ap vini yo".

Joseph Wisinski, Prezidan Asosiyasyon Sipè-entandan Otowout Konte Eta New York lan, te deklare, "Depi konsepsyon li, BRIDGE-NY te estimile anpil inisyativ depatman otowout konte a pou kenbe, repara ak ranfòse rezistans gwo sistèm pon ak kanivo nou yo. Gouvènman lokal yo responsab pou antretyen 87% wout yo ak plis pase mwatye nan pon yo nan eta a. BRIDGE-NY te pèmèt konte yo abòde bezwen enfrastrikti enpòtan yo ki otretman t ap retade. Nan reponn ak egzijans renovasyon ak rekonstriksyon plis pon ak kanivo kounye a, travay la koute mwens epi ekonomik anpil pou kontribiyab yo. Nou felisite Komisè Dominguez ak Gouvènè Kathy Hochul pou patenarya li ak gwo sipò li nan finansman eta a pou pwogram wout ak pon lokal yo nan avantaj sekirite piblik k ap vwayaje a".

Se Depatman Transpò Eta New York la ki administre pwogram "BRIDGE NY" epi li fè pati yon efò Eta a sipòte pou amelyore investisman nan wout ak pon lokal yo ansanm ak lòt enfrastrikti transpò vital atravè Eta New York. Gen yon lis pwojè ki repati selon rejyon yo ki disponib [isit la](#).

Rejyon	Prim pou Pon (Nimewo)	Prim pou Kanivo (Nimewo)	Prim Total (Nimewo)	Prim pou Pon (\$ an milyon)	Prim pou Kanivo (\$ an milyon)	Prim Total (\$ an milyon)
Capital Region	1	13	14	\$1,164,900	\$12,472,262	\$13,637,162
Central New York	5	1	6	\$11,448,761	\$1,000,000	\$12,448,761
Finger Lakes	4	6	10	\$3,991,220	\$5,738,832	\$9,730,053
Mid-Hudson	8	8	16	\$27,233,689	\$7,517,991	\$34,751,680
Mohawk Valley	9	3	12	\$28,293,376	\$2,665,164	\$30,958,540
North Country	7	12	19	\$15,611,078	\$11,408,377	\$27,019,455

Southern Tier	9	3	12	\$25,049,783	\$2,947,489	\$27,997,271
Western New York	5	11	16	\$6,485,388	\$9,837,823	\$16,323,211
New York City	1	0	1	\$29,400,000	\$0	\$29,400,000
Long Island	3	0	3	\$13,994,719	\$0	\$13,994,719
Total	52	57	109	\$162,672,913	\$53,587,938	\$216,260,852

Senatè Timothy M. Kennedy te deklare, "Lejislati Eta a te bay nivo finansman istorik nan bidjè ane sa a pou enfrastrikti New York, ki bay yon investisman kolosal nan wout nou yo. Anons Gouvènè Hochul la chita sou moman sa a, epi prepare pon yo nan eta nou an pou reparasyon alavni pandan n ap tann lajan enpòtan nan pwojè lwa enfrastrikti federal la".

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Kominote nou yo konte sou rezo transpò nou yo chak jou pou mennen yo kote yo bezwen ale yo. Envesti nan pwoteksyon pon nou yo ranfòse angajman Eta New York pou pwoteje ak amelyore enfrastrikti nan tout eta nou an".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)